



**Konnnen Dwa
Ou Yo.**

Rete Kalm.

Rete Vijilan.





Konnen Dwa Ou Yo.

Si ICE vini lakay ou:

- Si yon ajan ICE vini lakay ou, PA LOUVRI PÒT LA:
- ICE pa ka antre lakay ou san yon manda fouy jidisyè ke yon jij siyen. Yon manda ICE pa menm bagay ak yon manda jidisyè.
- Si ajan an di li gen yon manda, mande l pou pase manda a ba ou anba pòt la. Konfime non ak adrès ki sou manda a pou asire li valid epi yon jij te siyen l.





Konnen Dwa Ou Yo.

Si ICE apwoche w an piblik:

- ICE pa ka mete w arete w san yon rezon.
- Anvan w bay ICE nenpòt enfòmasyon, mande si ou kapab ale. Si li di “wi,” kite espas la. Si li di “non”, di l ou pa oblije reponn okenn kesyon epi ou bezwen pale ak yon avoka.
- PA OTORIZE YON FOUY. Si ICE eseye fouye w oswa fouye pwopriyete w, di “Mwen pa bay konsantman pou fouy sa a.”
- PA KOURI. Si ou kouri, sa kapab bay ICE yon rezon legal pou arete w.





Konnen Dwa Ou Yo.

Piblik la genyen dwa pou anrejistre videyo epi fè foto nan espas piblik yo selon Premye Amanman an.

- Ou genyen dwa pou filme oswa anrejistre ofisye fòdelòd yo - ki gen ladan ajan ICE yo, lapolis lokal/eta a, ak sòlda Lagad Nasyonal yo - kèlkeswa estati imigrasyon w.
- Asire ou rete nan yon distans ki san danje epi pa entèfere ni anpeche aktivite ofisye w ap anrejistre yo.
- Si yon ajan ICE, yon sòlda Lagad Nasyonal, oswa ofisye fòsdelòd yo di w pou sispann filme, selon fason w santi w alèz la, ou kapab vle respekte lòd la, oswa fè konnen dwa ou genyen pandan w ap kontinye filme nan yon distans ki san danje.





Rete Kalm.

Sa ka fè yon diferans ant lavi ak lanmò lè w rete kalm epi kè poze lè w rankontre ak ICE ak fòdelòd yo.

- Respire yon fason pwofon epi lan lè w ap fè fas ak fòsdelòd yo epi reflechi anvan ou aji. Langaj kò w ak aksyon w yo ka fè enpak sou sitiyasyon an, kidonk kite men w kote yo ka wè yo epi fè tout sa ou kapab pou pa ni pwovoke ni antre an konfli ak fòsdelòd yo.
- Rete janti epi montre respè. Byenke ou pa oblije reponn kesyon yo, lè w kenbe yon atitud ki kalm epi ki montre respè sa ede anpeche sitiyasyon an dejenere.
- Menm si ICE ap arete w yon fason ilegal, pa reziste arestasyon an ni pa kouri kite fòsdelòd yo nan okenn sikonstans.
- Pi bon fason pou kenbe tèt ou ak lòt moun san danje pandan yon rankont ak fòsdelòd yo se konnen dwa w yo epi kenbe san fwa w.





Rete Kalm.

Pa ajoute gaz sou dife a epi chèche èd lè sa nesesè.

- Li enpòtan tou pou pa kontribye nan gaye fo enfòmasyon ni ankouraje panik piblik la. Pataje enfòmasyon sèlman apati sous ki kredib ak sous ou fè konfyans yo.
- Pa kòmanse diskisyon ni reponn ak pawòl ki ankouraje layèn ni sa ki ostil sou rezo sosyal yo oswa nan fowòm piblik yo. Men pito, konsantre sou solisyon ak kolaborasyon.
- Sante mantal enpòtan. Asire ou fè de lapè w ak byennèt ou premye priyorite w. Si ou soufri detrès mantal oswa emosyonèl, chèche asistans pwofesyonèl.





Rete Vijilan.

Pandan moman sa yo, li enpòtan pou nou rete solidè.

- Lè w dokimante rankont avèk fòsedelòd yo ak pratik yo sa ede ankouraje responsablite, sa pèmèt moun wè politik imigrasyon ki danjre yo, epi sa soutni yon chanjman nan refòm sistemik la.
- Menm si ou pa ka filme rankont lan, asire ke ou anrejistre detay tankou non ak nimewo badj ofisyè a, enfòmasyon sou veyikil la ak nimewo plak yo, detay rankont lan, dokiman ki prezante, elatriye.
- Lè w ap filme, sonje pou fikse kamera a sou ofisyè fòdelòd yo olye de moun y ap arete a.
- Fasilite otantifikasyon imaj ou yo pandan w ap filme kontèks la, tankou yon imaj ki klè sou lye a, pwen repè, pano siyalizasyon, yon revèy oswa ekran yon telefòn entelijan, oswa lòt detay ki pèmèt yo verifye lè, dat, ak lye a.





Rete Vijilan.

Fason pou vin yon alye epi ede yon fason ki efikas:

- Si ou wè yon bagay, di yon bagay. Deklare tout rankont ICE ak obsèvasyon yo bay òganizasyon ki swiv enfòmasyon sa yo.
- Kontinye egzèse Dwa Premye Amanman w lan pou pwoteste men fè l yon fason pasifik epi fè l ansanm. Nou fò lè nou ini nou.
- Fòme tèt ou ak kominote w la sou dwa w yo. Plis ou fòme tèt ou, se plis w ap kapab pwoteje tèt ou ak vwazen w yo.
- Lè sa posib, kontribye sou plan finansye oswa fè travay volontè ak òganizasyon ki pa la pou fè pwofi yo ak òganizasyon sèvis legal ki ede moun ki viktim move konpòtman lapolis yo epi bay asistans legal gratis/ki pa chè nan zafè imigrasyon.





Resous/Enfòmasyon.

Si yo te arete yon moun ou konnen:

- **Liy Asistans American Friends Service Committee sou Detansyon an:**
 - 973-474-9861 (Ma & Je, 2-4pm)
- **Liy Asistans Legal Services of New Jersey sou Detansyon an:**
 - 1-888-894-0612 (Len 10am-12pm + 2-4pm; Mèkre & Van 2-4pm)
- **Fòmilè Referans Inisyativ Nan Zafè Defans sou Detansyon ak Depòtasyon:**
 - <https://forms.office.com/r/e7cK9Lv09P>
- **Fòmilè Referans sou Viktim Entèvansyon AFSC:**
 - <https://forms.office.com/r/gREPL1tdmp>
- **Resistencia en Acción NJ Hotline:**
 - 640-466-2386
- **Liy Asistans DIRE ak Liy Asistans Ekip Entèvansyon Rapid la:**
 - 888-347-3767 (888-DIRE-SOS)

Pou deklare aktivite oswa move konpòtman ICE:

- **Sondaj AFSC pou Deklare Aktivite ICE yo:**
 - bit.ly/ICEINNJ





Resous/Enfòmasyon.

Referans/Asistans Legal:

- **New Jersey Consortium for Immigrant Children** ofri reprezantasyon legal pou timoun ak jèn ki poko gen 21 lane:
 - www.njcic.org/refer-a-child
 - (201) 305-9217; Tanpri rele nan jou Lendi (1pm-4:30pm), Mèkredi (1pm-4:30pm) ak Vandredi (9:30am-1pm)
- **Fòmilè Referans Lyezon First Friends:**
 - firstfriendsnjny.org/bond-referral-form/
 - Kontakte info@firstfriendsnjny.org pou jwenn asistans konsènan finansman pwodwi alimantè pou moun yo arete yo, finansman pou apèl nan telefòn pou moun yo arete yo, ak akonpayman pou kontwòl ICE yo ak odyans tribinal imigrasyon Newark yo

Sèvis Sante Mantal:

- **El Barrio Wellness Mental Health Center:**
 - www.elbarriowellness.org

Pou jwenn plis enfòmasyon ak resous ki itil, tanpri vizite lacasadedonpedro.org/immigrant-resource-center/

